INNOVATIVE WORLD
Ilmiy tadqiqotlar markazi

# YANGI RENESSANS

## ILMIY JURNALI



2026/4

+998335668868

www.innoworld.net

Google Scholar doi zenodo OpenAIRE

# YANGI RENESSANS

## ILMIY JURNALI
## TO'PLAMI

3 - JILD, 4 - SON
2026

www.innoworld.net

O'ZBEKISTON-2026

# O.SÁTBAEVTÍŃ FILOSOFIYALÍQ LIRIKASÍ

**Gulayim Xalmuratova,**
*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti magistrantı*

**Annotatsiya**. Maqolada taniqli qoraqalpoq shoiri Orazbay Satbaev ijodidagi falsafiy lirika oʻrganiladi. Falsafiy lirikada shoirning oʻziga xos uslubi boʻlib, buni she’rlarini ilmiy-badiiy tahlil qilish orqali anglash mumkin.
**Kalit soʻzlar**: falsafiy lirika, shoir, lirik qahramon, konsepsiya, badiiylik.

**Аннотация**. В статье рассматривается философская лирика в творчестве известного каракалпакского поэта Оразбая Сатпаева. Философская лирика обладает своеобразным стилем поэта, что можно понять путем научно-художественного анализа его стихотворений.
**Ключевые слова**: философская лирика, поэт, лирический герой, концепция, художественность.

**Abstract**. The article examines the philosophical lyricism in the work of the famous Karakalpak poet Orazbay Satbaev. Philosophical lyricism has a unique style of the poet, which can be understood through scientific and artistic analysis of his poems.
**Keywords**: philosophical lyricism, poet, lyrical hero, concept, artistry.

«Filosofiyalıq lirika» – filosofiyalıq ideyalar, túsinikler hám oy-keshirmelerdi sáwlelendiretuǵın janr. Filosofiyalıq lirika álem, tábiyat, insan hám onıń tariyxı, bolmısı tuwralı fundamental sorawlarǵa juwap tabıwǵa háreket etedi. Ol kóbinese lirikanıń estetikalıq qásiyetlerin oyshıllıq penen uyǵınlastıradı, quramalı filosofiyalıq oylardı sóz óneri járdeminde jetkeredi. Ómir mazmunı, insan hám álem ortasındaǵı múnásibetlerge baylanıslı sorawlarǵa filosof shayırlardıń poetik juwapları nátiyjesinde filosofiya hám lirika integraciyalanadı. Bunda quramalı filosofiyalıq oylardı poetik formada jetkeriwde sóz hám obraz tańlaw úlken áhmiyetke iye. Filosofiyalıq lirika kóbinese óz dáwiriniń intellektual-filosofiyalıq aǵımları tásirinde boladı. Sociallıq-siyasıy hám mádeniy ortalıqtı ańlaw shayırǵa sol dáwirdegi filosofiyalıq ideyalar tásirin analizlewge járdem beredi [1:74–78].

Ádebiyatshı M.Davronovanıń atap ótkenindey: «…málim bir waqıya-hádiyselerden tereń filosofiyalıq mazmunǵa iye bolǵan ulıwmalasqan pikirlerge, búgingi kúnnen keleshekke baylanıslı belgilerge ishara etiw intellektual filosofiyalıq lirikanıń mazmun-mánisin ańlatadı» [2:212]. Filosofiyalıq pikirler shayırdıń dúnyaqarasına ǵárezli. «Filosofiyalıq dúnyaqaras kúndelikli iskerlik, dúnyalıq, diniy, ilimiy bilimler, turmıslıq baqlawlar hám sociallıq tárbiya tásirinde qáliplesedi hám rawajlanadı, onda álemniń barlıq tárepleri kórinedi. Filosofiyalıq

dúnyaqarastıń qáliplesiwinde sezim-tuyǵı, aqıl-oy hám túsinik dárejesi de áhmiyetli orın iyeleydi» [3:421].

O.Sátbaevtıń oylaw mádeniyatınıń keńligi, azamatlıq poziciyasınıń joqarılıǵı, onı ózi menen óziniń tınımsız jumıs islewiniń nátiyjesinen bolsa kerek. Shayırdıń qosıq qatarlarınan oy álemindegi oylaw sheberliginiń jańasha úlgisin kóremiz, bul avtordıń oylaw mádeniyatınıń joqarılıǵı menen baylanıslı, shayır óziniń oy tereńligi menen gumanislik muratlardı qorǵawı hám qollawı arqalı, insap penen adamgershiliktiń saltanat qurıwına belsene xızmet etip atırǵanın ańlaymız. Filologiya ilimleri doktorı Q.Turdıbaevtıń pikiri menen aytqanda "O.Sátbaev házirgi qaraqalpaq poeziyasında intellektuallıq sıpatı kúshli shıǵarmalar jazıp kiyatırǵan shayırlardıń biri. Ol turmıstaǵı kishkene bóleksheelerden-aq úlken social-jámiyetlik juwmaqlar shıǵarıp, oqıwshılarǵa tereń oy taslawǵa, usı arqalı haqıyqatlıq, hadallıq, joqarı adamgershilik, mehir-muhabbat ideyaların alǵa súriwge umtıladı. Sonlıqtan da ol ayırım shayırlar sıyaqlı ótpeli dáwirdiń waqıtsha siyasiy-jámiyetlik ózgerislerin «qıshqırıp» jırlamay-aq, turmıs penen insaniyat tariyxınıń júdá úlken turaqlı hám máńgilik máselelerin ortaǵa taslawǵa ayrıqsha itibar berip jazatuǵın shayırlardıń biri" [4].

O.Sátbaevtıń «Tawdaǵı muz qosıǵı»ndaǵı lirikalıq qatarlarda – taw ústinde qansha ásirlerden berli qatıp jatırǵan dáw – Aysbergtiń máńgilik uyqısınan oyanıwına, insanlardıń keń sahraǵa suw aparıw ushın shıńlardı qoparıp, taslardı jonıp atırǵan ór hám qaysarlıǵı sebepshi boladı. Jáne onıń júreginde de iygilikli bir is dóretiw ıqlası payda bolıp, ózinen mıń gez tómendegi óli shóllerge náwpir suw bolıp barıp, sol jerlerge tirishilik inam etiwdi maqset etedi:

Men asqar shıńlarǵa kókirek tiredim,
Hám qalǵıdım tawda dastanıp jatıp,
Sonda insan erkiniń kúsh-qúdireti,
Mıń jıllıq uyqımnan aldı oyatıp.

Jeter! Sonsha jıl jattım biypayan!
Bunshelli uyqıǵa bolarman ba ósh?
Men sahraǵa kettim, qosıǵım tamam!
Adamlarǵa qaray atlanaman...Xosh! [5:31]

Shayırdıń "Kárwan kiyatır" qosıǵı da ótkir filosofiyalıq oy-pikirge qurılǵanı menen ózgeshelenip turadı. Onda insan ómiriniń jemisli máwritleri, bul turmısta jasawdan maqset ne, wazıypalar qanday degen sorawlarǵa juwap beriwge shaqıradı.

Mısalı:

Birim-birim julǵan kúnler paraǵın,
Waqıt – uwıstaǵı qum ǵoy, qaraǵım.
Qabıl áylesenler jır hám qonaǵıń,
Kóńilimnen kóshken kárwan kiyatır.

Qısnaqlardan aman-saw ótse keship,
Sizge amanatım boladur nesip
Hasla ezilmegen bawrıńdı ezip,
Kóńliń qulpın buzar kárwan kiyatır [6:108]

Bul qatarlardan bolsa insan kóńili eń úlken amanat ekenligi, kórkem sózdiń shayırdıń keyingi áwladqa qaldırǵan amanatı ekenligi, waqıt bolsa usı amanattı kóńil kárwanında alıp baratırǵanın filosofiyalıq tárizde jetkerip beredi. Usı orında da shayırǵa klassik shayır Ájiniyazdıń tásiri sezilgenin kóriwge boladı. Sebebi, Ájiniyaz shayırdıń:

Dárek yoq ushırǵan quba qushımnan,
Bazarım tarqadı erte peshinnen,
Qárwan ótken waqta meniń tushımnan
Kóńil múlkim jolǵa ánjam bolmadı [7]. –

degen qatarları erksiz yadıńa túsedi hám O.Sátbaevtıń ádebiy dástúrlerge sadıq sheber shayır ekenligine jáne bir márte tásiyin qalasań.

Shayırlar tábiyatı bir-birine uqsamaydı. Olardıń dúnyanı túsiniw hám ańlawı, talǵamı hám ólshemleri hárqıylı. Sonlıqtan, olar bárqulla izleniwde, ózligin tabıw jolında hárekette boladı. O.Sátbaev filosofiyalıq lirikasına tán jáne bir uǵım – bul «ózińdi óziń tanıw» tiykarındaǵı antropologiyalıq filosofiyanıń koncepciyası. Tikkeley bul koncepciyada «insan tábiyatı, onıń kelip shıǵıwı hám maqseti, insannıń ómirdegi ornı máselesi tiykarǵı máselelerden» [8] esaplanadı. Bul shayır filosofiyasında materiyaǵa qarama-qarsı abstrakt túsinikler bolǵan oy-pikirler, sezim-tuyǵılar tásirinde «ózińdi ózińnen izlew» tárizinde kórinedi. Akademik J.Bazarbaev ta: «... filosofiyalıq oylaw insannıń ózin-ózi ańlawınan baslanǵan» [9:8] dep atap ótken edi.

Men kimmen? Ne máni kelmek-ketpekten?
Kelgen bolsam jáne ketpegim nesi?
Kim bolıp kelgenmen? Kim bop ótpekpen?
Hesh aqlım alıspas: Kimmen men ózi?

Sheksiz keńislikti gezgen dárbedar,
Jer dep atalǵan bir máńgilik "tastıń",
Men de bir janzatı bolarman mágar:
"Joqtan bar bolǵanman... Aytıń, kim haslım?" [6:80]

O.Sátbaevtıń biz mısalǵa keltirgen "Men kimmen?" atlı qosıǵındaǵı qatarlarda da insan tábiyatı, onıń kelip shıǵıwı hám maqseti, insannıń ómirdegi ornı máselesi tiykarǵı máseleler kórkem sóz arqalı oqıwshılar qálbine jetip baradı. Shayırdıń bul qatarları Omar Hayyamnıń:

Men dúnyaǵa keldim, kelgen menen toldı ma dúnya
Men dúnyadan ketermen, ketken menen sorlı ma dúnya
Topıraqtan shıǵıp jáne topıraq bolarman
Túsindirer adam sende boldı ma dúnya [10]

degen qatarlar menen únles ekenligin bayqawımızǵa boladı. Bul únleslik O.Sátbaevtıń poetikalıq potencialı joqarı, ózinen aldıńǵı ádebiy dástúrlerden tolıq xabarı bar, sonıń menen birge sol ádebiy dástúrler sheńberinen shıǵıp óz oyın, óz pikirin de kórkemlep jetkere alatuǵın oylaw diapazonı keń shayır ekenligin ańlawımızǵa boladı.

Shayırdıń “Bolmas”, “Túser”, “Sarǵayar”, “Kósh qalmas”, “Adam balası”, “Qápes” h.t.b. qosıqlarında da O.Sátbaevqa tán filosofiyalıq pikirlerdiń kórkem sózdegi sáwlesin kóremiz.

PAYDALANÍLǴAN ÁDEBIYATLAR

1. Кулагина Г.Н. Стиль, жанры, язык русской философской прозы начала XX века. Вестник Казанского государственного университета культуры и искусств, no. 2, 2012, pp. 74-78.
2. Давронова М. Ҳозирги ўзбек шеъриятида индивидуал услуб поэтикаси (Усмон Азим, Иқбол Мирзо, Фахриёр ва Абдували Қутбиддин шеърияти мисолида). Филология фанлари доктори илмий даражасини олиш учун ёзилган диссертация. –Самарқанд, 2019. 212-бет.
3. Фалсафа. Қомусий луғат. –Тошкент: Шарқ, 2004. 421-бет.
4. Турдыбаев Қ. Көркем образ ҳəм деталь (О.Сəтбаев лирикасы мысалында). // Əмиўдəрья журналы, 2010. №10
5. Сəтбаев О. Ай сығалайды. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1992. – Б.31.
6. Сəтбаев О. Кептерлерге бериң аспанды. –Нөкис: Avangard-baspa, 2022. – Б. 108.
7. http://kitapxana.com/kitap/ziywar/78
8. Большая российская энциклопедия. Электрон ресурс. URL: https://old.bigenc.ru/philosophy/text/4713457
9. Базарбаев Ж. Əдеп философиясы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2010. – Б. 8.
10. https://studfile.net/preview/21636802/page:9